



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PWOJÈ LWA KI BAY EGZANSYON ENPO SOU PWOPRIYETE KE MANM KONPAYI PONPYE VOLONTÈ OSWA SÈVIS ANBILANS VOLONTÈ NAN KONTE MONROE POSEDE YO

Lejislasyon (S.6676-A/A.7644-A) pèmèt Konte Monroe bay yon egzansyon 10% pou manm ki kalifye yo

Gouvènè Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.6676-A/A.7644-A) ki pèmèt Konte Monroe bay yon egzansyon 10% enpo sou pwopriyete pou ponpye volontè oswa travayè ijans yo ki te fè pati òganizasyon an pandan de ane.

"Lè pwoblèm yo rele, ponpye volontè nou yo ak travayè ijans nou yo la pou reponn", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Volontè san repo sa yo merite tout sipò nou epi mwen fyè pou mwen siyen lejislasyon ki rekonpanse yo pou sakrifis yo ak ankouraje lòt yo rantrè nan ran yo pou kenbe kominote nou yo nan Konte Monroe an sekirite".

Egzansyon enpo sou pwopriyete a pral dedui nan valè pwopriyete ki evalye a pou vil, vilaj, lokalite, katye, distri espesyal, distri lekòl, distri ensandi oswa konte. Lwa a antre anvigè nan 1ye janvyè.

Senatè Samra Brouk te deklare, "Isit la nan Konte Monroe, ponpye volontè ak pèsònèl anbilans nou yo te reponn yon bann fwa ak apèl pou sèvi kominote nou an. Yo se fanm ak gason brav ki pran gwo risk nan enterè byen piblik la, san mande anyen an retou. Volontarya yo se yon gwo sèvis pou kominote nou an ak eta nou an, se poutèt sa mwen te fyè pou m vini ak lejislasyon ki kreye yon egzansyon sou enpo pwopriyete yo. Pandan pa gen okenn fason pou remèsye volontè sa yo kòm sadwa pou kouraj ak angajman yo nan travay yo, se yon ti etap pou asire yo resevwa sipò ak gratitud yo merite. Mwen remèsye kòlèg mwen, Manm Asanble Jen Lunsford dèske li te vini ak pwojè lwa sa a nan Asanble a ak Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen lejislasyon sa a pou kominote nou yo".

Manm Asanble Jen Lunsford te deklare, "Ponpye volontè ak travayè anbilans nan Konte Monroe yo te toujou la pou nou, san yo pa resevwa okenn konpansasyon pou sèvis yo, poutan yo angaje yo pou ede kominote nou an nan yon moman nesosite. Lejislasyon sa a pèmèt nou la pou yo, ki bay yon egzansyon 10% enpo sou pwopriyete an rekonesans ak sakrifis ak sèvis yo. Mwen vle remèsye lidè lokal yo pou sipò yo nan lejislasyon sa a tankou Lejislatè Konte John Baynes, Senatè Brouk pou patenarya li ak

Gouvènè Hochul dèske li rekonèt enpòtans lejislasyon sa a ak enpak pozitif li pral genyen pou sila yo k ap sèvi kominote yo aktivman".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418